# ABDULLA AVLONIYDIN’ PEDAGOGIKALIQ – AG’ARTIWSHILIQ XIZMETLERI

**Seytmuratov Q.**
*pedagogika ilimlerinin’ kandidatı, docent.*

**Tayanch so’zlar:** tarbiya, ta’lim, jadidshilik, jadid maktabi, o’quv adabiyotlari, darslik, teatr, adabiyot.
**Ключевые слова:** воспитание, образование, джадидизм, джадидская школа, учебние пособия, учебник, театр, литература.
**Key words:** education, education, tradition, tradition school, school literature, textbook, theater, literature.

**РЕЗЮМЕ**
Maqolada buyuk uzbek pedagogi A.Avloniyning serqirra hayoti va ma’rifiy-pedagogik faoliyati, ta’lim-tarbiyaviy fikrlari, ta’lim reformasini amalga oshirishdagi, adabiyot va teatr san’atini rivojlantirishdagi xizmatlari haqida suz boradi.
**РЕЗЮМЕ**
В статье рассматривается вопросы о творческой жизни и педагогическо-просветительская деятельность великого узбекского педагога А.Авлоний, его педагогические взгляды и деятельность по реформе образования, развития литературы и театрального искусства.
**SUMMARY**
The article examines questions about the creative life and pedagogical and educational activities of the great Uzbek teacher A. Avloniy, his pedagogical views and activities on educational reform, the development of literature and theatrical art.

Ko’rnekli o’zbek pedagogı ha’m oyshılı Abdulla Avloniy pedagogikalıq pikirlerdin’ rawajlanıwına salmaqlı u’les qosqan, o’z shıg’armalarında o’zbek xalqının’ en’ jaqsı da’stu’rlerin, ta’lim-ta’rbiyag’a baylanıslı a’hmiyetli turmıslıq ma’selelerdi jarıtıp bergen pedagog, alım esaplanadı. Abdulla Avloniy 1878 jılı 12 iyulde Tashkent qalasının’ Mergenshi ma’ha’llesinde toqıwshı o’nerment shan’arag’ında tuwılg’an.

Abdulla jeti jasında Oqshı ma’ha’llesindegi baslawısh mektepte, keyinshelik 12 jasınan baslap Shayxantohirdegi Abdimalikbay medresesinde ta’lim aladı. Abdulla Avloniy 15 jasınan baslap qosıqlar jaza baslaydı. Da’slepki qosıqları «Tarjumon» gazetasında basılıp shıg’adı.

Ol 1907 jılı «Shuxrat», «Hijron» atlı gazetalardı sho'lkemlestiredi. Lekin olar ko'p o'tpey aq patsha hu'kimeti a'meldarları ta'repinen jawıp taslanadı. Avloniy bul qıyınshılıqlarg'a qaramastan bul isti keyinshelikte dawam etedi. «Sadoyi Tu'rkiston» (1914-1915 jıllar), «Turon» (1917), «Ishtirokiyun» (1918) gazetalarında, «Kasabachilik harakati» (1921) jurnalında redaktor bolıp isleydi. Usı xızmetleri sebepli ol o'zbek baspaso'zinin' tiykarın salıwshılardın' biri, za'berdes wa'kili sıpatında tanıladı.

Abdulla Avloniy 1917 jılg'a shekem Tu'rkistanda ju'da' u'lken ja'miyetlik ag'artıwshılıq jumısların a'melge asırg'an ja'didshilik ha'reketinin' ko'zge ko'ringen u'a'killerinen edi. Ol 1907 jılı Tashkenttin' Mirabad ma'ha'llesinde, keyin Degrez ma'ha'llesinde jan'a usıldag'ı mektepler ashadı. Doslarının' ja'rdeminde «Xayriya ja'miyetin» du'zedi ha'm bul ja'miyetke o'zi basshılıq etedi. «Baspa so'z» shirketin du'zip, Xadrada «Mektep kitapxanası» atlı kitap du'kanan ashadı.

Avloniydin' ashqan mektepleri shınıg'ıwlar klass-sabaq sistemasında alıp barılıwı menen basqa mekteplerden ajıralıp turadı. Onın' mektebinde geografiya, tariyx, a'debiyat, til, esap-sanaq, hikmet sıyaqlı pa'nlerden mag'lıwmatlar berilip barıladı.

Abdulla Avloniy ja'did mektepleri ushın 4 bo'limnen ibarat ses metodikasına tiykarlang'an sabaqlıqlar «Birinshi mug'allim» (A'lipbe, 1912), «Ekinshi mug'allim» (1915), «Tu'rkiy gulistan yamasa adep-ikram» (1913), «Mektep gu'listanı» (1917) kitapların jazıp, baspadan shıg'aradı.

A.Avloniy o'zbek ziyalılarınan birinshilerden bolıp o'zbek xalıq teatrın professional teatrg'a aylandırıw ushın 1913 jılı «Turan» atlı teatr truppasın sho'lkemlestiredi. Ol truppa ushın «Advokatlıq an'satpa?», «Pinak», «Eki muhabbat», «Portugaliya revolyuciyası» sıyaqlı dramalar jazdı, basqada bir qatar tatar, a'zerbayjan tilindegi saxna shıg'armaların o'zbek tiline awdardı, lekin bul awdarmalar baspa so'zde ja'riyalanbadı. Ol pesalarına o'zi rejissyorlıq etip, gastrollarg'a shıg'adı, ayırım rollerdi o'zi oynap, atqarıp shıg'adı.

Abdulla Avloniy 1918 jıldan baslap respublikamızda oqıtıwshılar birlespesi, o'nermentler ha'm baspaxana xızmetkerlerinin' ka'siplik birlespelerin sho'lkemlestirip, og'an basshılıq etedi. Burıng'ı Tashkenttin' go'ne qalası Sovet Atqarıw ken'esine baslıq etip saylanadı. 1919 jılı Tu'rkistan Oraylıq Atqarıw Komitetine ag'zalıqqa saylanadı. A.Avloniy Tu'rkistan respublikası milliy Komissariatının' juwaplı xızmetkeri sıpatında milliy u'rp-a'detler ha'm jan'asha ma'deniy normalar ha'mde nızamlarg'a baylanıslı ma'seleler menen shug'ıllandı.

1919-1920 jıllarda Abdulla Avloniy Afg'anıstannın' Gerat qalasında Sovet elshixanasında bas konsul bolıp isleydi. Degen menen Avloniydi mug'a'llimlik ka'sibine degen su'yispenshilik onın' bul tarawg'a qaytıwına sebep boladı.

Da'slep u'lke bilim jurtında, 1921 jıldan hayal-kızlar uchilişhesinde baslıq, 1924 jılı Tu'rkfront a'skeriy uchilishesinde oqıtıwshı. 1924-1929 jıllarda Orta Aziya ma'mleketlik universitetinde (SAGU, ha'zirgi UzMU) ha'm basqa joqarı oqıw orınlarında sabaq beredi. Sonın' menen birge ilimiy izzertlew jumıslarında alıp baradı. Abdulla Avloniy bul joqarı oqıw orınlarında dialektikalıq ha'm tariyxıy materializmnen birinshi bolıp o'zbek tilinde sabaq bergen ustaz esaplanadı. 1933 jılı 7 klass oqıwshıları ushın «A'debiyat xrestomatiyası»n jazadı ha'm baspadan shıg'aradı.

Abdulla Avloniydin' miynetleri o'z waqtında joqarı bahalanıp, og'an 1925 jılı «Miynet kaharmanı» atag'ı, 1930 jılı ilimiy miynetleri ha'm shıg'armaları ushın «Qızıl professor» ha'm «Ózbekistan bilimlendiriwi ag'lası» ataqları berildi.

A.Avloniy 1934-jılı 25 avgustta Tashkent qalasında dunyadan o'tdi. Onın' pedagogikalıq miyrasları ha'zirgi ku'nde de jan'a insandı kamalg'a keltiriw jolında ta'rbiyalaw barısında qımbatlı tariyxiy material sıpatında dıqqattı o'zine tartıp kelmekte.

Avloniy jaqsılıq etiwdi ullı pazıylet dep esaplaydı, insanlardı bir-birlerine jaqsılıq etiwge shaqıradı. Onın' jazıwınsha:

*Jaqsılıq qılsan', bolar janın' aman,*
*Jaqsılıqtan hesh adam qılmas ziyan,*
*Jaqsı so'z benen jılan innen shıg'ar,*
*So'z jaman bolsa, pıshaq qınnan shıg'ar [1.37.].*

Abdulla Avloniydin' «Tu'rkiy gu'listan yamasa a'dep-ikram» shıg'arması ta'lim-ta'rbiya ma'selesinde ayrıqsha orın iyeleydi. Ol o'zbek pedagogikası tariyxında birinshi bolıp ta'rbiyanı bılayınsha tu'sindiredi: «Pedagogiya» - bala ta'rbiyası haqqındag'ı pa'n demekdur…. balanın' salamatlıg'ı ha'm saadatı ushın jaqsı ta'rbiya qılmaq, ta'nin pa'k tutpaq, jas waqtınan minez-qulqın du'zetpek, jaqsı a'detlerdi u'yretpek, jaman a'detlerden saqlap o'sirmekdur»[2.300.].

A'dep-ikram ta'rbiyası. ha'm bular haqqında ha'm de onin' a'hmiyeti haqqında pikir ju'rgizedi. Balag'a ta'rbiyanın' jas da'wirden baslap beriw kerekligin, bul iske ha'mmenin', ata-ana, mug'allim, hu'kimet ha'm basqalardın' kirisiwi kerekligin atap ko'rsetedi. A.Avloniydin' pikirinshe ta'rbiya-bul jeke is emes, al milliy, ja'miyetlik jumıs. Ha'r bir xalıqtın' rawajlanıwı, ma'mleketlerdin' qudretli bolıuı a'wladlardın' ta'rbiyasına ko'p jag'ınan baylanıslı dep esaplaydı.

«Tu'rkiy gu'listan yamasa a'dep-ikram» shıg'armasının' basınan aqırına deyin. A.Avloniydin' gumanizm ideyaları sa'wlelengen. Ol ba'rinen burın xalıq ma'plerin go'zleydi, xalıqqa shın jurekten xızmet etiwdi o'zinin' muqaddes wazıypası dep biledi. Onın' ko'z qarasınsha adamlardın' g'amın oylamag'an,

xalıqtan alısta bolg'an buzg'ın-g'ıybatshı bul adam emes. A.Avloniy ha'r bir adam o'z wazıypasın sadıqlıq penen atqarıwı, eger ol ustaz bolsa o'z sha'kirtlerinin' kewiline mag'rıypat nurın quyıwı, xalıq arasında mag'rıypattı tarqatıwı za'ru'rligin atap ko'rsetedi.

A.Avloniy bala ta'rbiyasın sha'rtli ra'wishte to'mendegi to'rt bo'limge ajıratadı:

1. Ta'rbiyanın' zamanı;
2. Dene ta'rbiyası;
3. Pikir ta'rbiyası;
4. A'dep-ikramlıq ta'rbiyası.

Bul jerde «Ta'rbiyanın' zamanı» bo'liminde jaslarg'a ta'rbiya beriwde waqtın o'tkerip almaslıqtı, yag'nıy, ta'rbiya beriwdi jaslayınan baslap a'melge asırıwdı na'zerde tutadı ha'mde bul iste ata-ana, mug'allim, hu'kimet ha'm ken' ja'miyetshiliktin' qatnasıwın lazım dep esaplaydı.

Pedagogtın' «En' da'slep, ta'rbiya bizler ushın yaki o'mir - yaki o'lim, yaki na'jet - yaki apat, yaki saadat - yaki pa'leket ma'selesidur» degen so'zleri ha'zirgi waqıtda da o'z a'hmiyetin jog'altqanı joq. Ta'rbiya jeke is emes, milliy, sociallıq isdur. Ha'r bir xalıqtın' rawajlanıwı, ma'mleketlerdin' qudiretli bolıwı a'wladlar ta'rbiyasına baylanıslı dep esaplaydı oyshıl. A.Avloniydin' pikirinshe salamat pikir, jaqsı a'dep, ilim-mag'rıypatqa iye bolıw ushın birinshi gezekte dene ta'rbiyasının' roli u'lken. Ol «Denenin' salamat ha'm quwatlı bolıwı insang'a en' kerekli na'rsedur. Sebebi oqımaq, oqıtpaq, u'yrenbek ha'm u'yretpek ushın insang'a ku'shli, salamat dene lazımdur» dep jazadı.

Balalarda pikirlew qa'biletin rawajlandırıw u'lken a'hmiyetli ma'selelerdin' biri bolıp, «ol mug'a'llimlerge ju'klengen u'lken wazıypadur, sebebi pikirdin' quwatı, ziyneti, ken'ligi mug'a'llimnin' ta'rbiyasına baylanıslıdur»[3.14.], dep esaplaydı pedagog.

A.Avloniy ta'lim menen ta'rbiyanın' birligine toqtalıp, «Sabaq penen ta'rbiyanın' ortasında birqansha ayırmashılıq bolsada ekewi bir-birinen ayrılmaytug'ın, birinin' pu'tkil barlıg'ı ekinshisi menen baylanısıp ketken jan menen ta'n kibidur»,-dep ko'rsetedi. «Aqıl,-deydi Avloniy,- insanlardın' piri-ka'mili, pu'tin barlıg'ı ha'm jalg'ız na'rsesidur, ruwx islewshi, aqıl baslawshıdur…. Insanlar haywannan tek so'zi ha'm aqılı menen ayrılur».

Ullı oyshıl ilimnin' ornın belgiley otırıp, «Ilim du'nyanın' la'zzeti, aqırettin' sharapatıdur. Ilim insan ushın ju'da' joqarı muqaddes bir pazıyletdur. Sebebi ilim bizge o'z ahwalımızdı, is-ha'reketimizdi ayna kibi ko'rsetip turadı. Zeyinimizdi, pikirimizdi qılısh kibi o'tkirleydi, …Ilimsiz insan miywasız daraq kibidur» [4.22-23.] dep ko'rsetedi.

A.Avloniydin' "Ekinshi mug'allim" kitabı "Birinshi mug'allim" kitabının' u'zliksiz dawamı esaplanadı. Biz birinshi kitaptı sha'rtli tu'rde a'lipbe dep, ekinshi kitaptı xrestomatiya dep atasaq maqsetke muwapıq boladı. Kitap mektepti ardaqlawshı qosıq qatarları menen baslanadı:

*Mektep sizdi insan eter,*
*Mektep o'mir bag'ısh eter,*
*Mektep g'amdı wayran eter,*
*G'ayrat salıp oqın', ug'lan.*

*Mekteptedur ilmi-kamal,*
*Mekteptedur xusni-jamal,*
*Mekteptedur milliy qıyal,*
*G'ayrat salıp oqın', ug'lan [5.299.].*

A.Avloniy o'z pedagogikalıq ko'z-qaraslarında doslıq ha'm miynet ta'rbiyasına u'lken a'hmiyet beredi.Ol haqıyqıy dos arttırıw jaslıqtan baslanatug'ınlıg'ı, bul sıpatlardı balag'a jaslıg'ınan sin'dirip barıw lazımlıg'ı uqtırıladı.

A.Avloniydin' pikirinshe miynet etiw ku'sh ha'm qaysarlıqtı talap etedi. Jerdegi barlıq materiallıq ha'm ma'nawiy baylıqlar miynet sebep du'nyag'a keledi.

Ol rasgo'ylik ha'm tuwrı so'zlilikti insannın' en' go'zzal pazıyleti sıpatında bahalaydı. Ol : "Haqıyqatlıq dep jumısta tuwrılıq, so'zde rasgo'ylikti aytadı. Insan bostanı salamatlıqqa, saadat go'zzallıg'ına haqıyqat jolı menen shıg'adı. Insaniyattın' tamırı menen reyimlilik, haqıyqatshıllıq, a'dillik kibi en' jaqsı sıpatlardın' anası haqıyqatdur"[6.261.].

Juwmaqlap aytqanda A.Avloniydin' pedagogikalıq ko'z-qarasları, ta'lim-ta'rbiya haqqındag'ı bahalı pikirleri ha'zirgi da'wirdede u'lken a'hmiyetke iye bolıp, ka'mil insan ta'rbiyasında girewli ornı bar. Biz pedagogtın' ilimiy ko'rsetpelerin qunt penen u'yreniwimiz ha'm ha'zirgi u'zliksiz bilimlendiriw sistemasında paydalanıwımız tiyis.

**A'debiyatlar:**

1. Abdulla Avdoniy. Birinchi muallim. T.: 1915. 37 bet.
2. Hoshimov K., Nishonova S., Inomova M., Hasanov R., Pedagogika tarixi.- T.: Wqituvchi, 1996.- 300 bet.
3. Abdulla Avloniy. Ikkinchi muallim. T.: 1915. 14 bet.
4. A.Avloniy Tu'rkiy gu'listan yohud ahloq. T.: Wqituvchi. -1992. 22-23 betlar.
5. Hoshimov K., Nishonova S., Inomova M., Hasanov R., Pedagogika tarixi.-T.: Wqituvchi, 1996.- 299 bet.
6. Abdulla Avloniy. Birinshi muallim. T.: 1915. 261 bet.